# MÁLİMLEME XIZMETİ HÁM AUDİTORİYAARASINDAĞI BAYLANIS

**Kallibekova Gulnara**
*QMU oqıtıwshısı*

**Nurbekova Nursulıw**
*QMU magistrantı*

***Resume.*** *The article is about the communication between the Information Service and the audience. The history of the creation of the telegram channel, which is considered one of the official gifts of the Nukus branch of the Samarkand University of veterinary medicine, animal husbandry and biotechnology on the internet, and the content of previously posted articles on it were analyzed.*
***Key words:*** *Information service, audience, communication, telegram, channel, information, media metrics.*

***Резюме.*** *В статье речь пойдет о коммуникации между информационной службой и аудиторией. Проанализирована история создания telegram-канала, являющегося одной из официальных страниц в интернете Нукусского филиала Самаркандского университета ветеринарной медицины, животноводства и биотехнологий, и содержание ранее размещенных на нем статей.*
***Ключевые слова:*** *информационная служба, аудитория, коммуникация, телеграм, канал, информация, медиа метрика.*

Mámleketimiz hám jámiyetimizde júz berip atırǵan waqıya hám jańalıqlardı keń auditoriyaǵa jetkerip beriwde ǵalaba xabar qurallarınıń tutqan ornı ayrıqsha. Óytkeni olar tárepinen tayarlanǵan kórsetiw hám esittiriwler, jańalıq hám intervyular óz ıqlasbentlerine tikkeley jetip barmaqta [1]. Meyli ol telejurnalist bolsın yáki radiobaslawshı olardıń hár biri de óz qálemi menen xalqımız turmısında júz berip atırǵan jańalanıwlar, ózgerisler haqqında sóz etedi. Mine, usı sıyaqlı jurnalistika baǵdarında óz ornına iye bolǵan tarawlardıń jáne biri bul málimleme xızmeti bolmaqta. Ilimiy izertlew jumısımızdıń tiykarǵı obyekti bolǵan málimleme xızmeti haqqında sóz eter ekenbiz, óz iskerligi dawamında kóplegen wazıypalardı atqarıwshı bul taraw iyeleri haqqında ilgeri arnawlı úyrenilmegen hám izertlew jumısları alıp barılmaǵanlıǵına gúwa bolǵanbız.

Qaraqalpaqstandaǵı joqarı oqıw orınlarınıń biri bolǵan Samarqand veterinariya medicinası, sharwashılıq hám biotexnologiyalar universiteti Nókis filialiniń internettegi rásmiy betlerinen biri bolǵan telegram kanalınıń jaratılıw tariyxı hám ondaǵı dáslepki járiyalanǵan maqalalar mazmunına toqtalamız. Bul joqarı oqıw ornınıń búgingi kúnde óz iskerligin alıp barıp atırǵan rásmiy kanalı usı silteme arqalı:

https://t.me/SamVMINukusfilial jaratılǵan. Kanalǵa kirgenimizde filial turmısın sáwlelendiriwshi joqarı oqıw ornınıń rásmiy logotipin kóriwimiz múmkin. Kanalǵa aǵza bolǵan hár bir jazılıwshı filialdıń rásmiy saytın: http://www.sdvunf.uz, onnan soń facebooktaǵı rásmiy beti: http://www.facebook.com/samvminf.samvminf.5 hám instagram tarmaǵındaǵı rásmiy beti: https://instagram.com/samvmshbunf?igshid=YmMyMTA2M2Y= haqqında maǵlıwmatlardı alıw imkaniyatı jaratılǵan. Bunnan tısqarı filial menen tikkeley baylanıs ornatıw ushın soraw hám usınıslarǵa juwap beriw maqsetinde málimleme xızmeti tárepinen baylanıs botı: https://t.me/pressa_murajat_bot islep shıǵılǵan. Álbette, bul sırttan baylanıs ornatıwshılar yáki múraját etiwshiler ushın jaqsı ǵana qolaylıq bolıp tabıladı. Joqarı oqıw ornınıń rásmiy kanalı 2019-jıl 14- sentyabr kúni jaratılǵan bolıp, onda eń dáslepki post daǵaza kórinisinde bolıp, ol tómendegishe mazmunda jazılǵan: *"АССАЛАУМА АЛЕЙКУМ КАНАЛЫМЫЗ АҒЗАЛАРЫ СИЗЛЕРДИ БУГИННЕН БАСЛАП СамВМИ НУКУС ФИЛИАЛ ЖАНАЛЫКЛАРДЫ ХАМДЕ КЕРЕКЛИ МАҒЛЫУМАТЛАРДЫ УСЫ КАНАЛЫМЫЗДАН АЛЫП БАРСАНЫЗ БОЛАДЫ!"*. Bul daǵaza málimleme xızmeti tárepinen 2019-jıl saat 19:57de jaylastırılǵan bolsa, kanal oqıwshılarınan 286 aǵza oqıǵanlıǵın kóriwimiz múmkin. Bunnan soń, rásmiy telegram kanaldan filial turmısına baylanıslı informaciyalıq maqala orın alǵan.



*"Филиал билимлер беллесиўинде қайсы команда жеңиске еристи? Толық мағлыуматты сайттан алсаңыз болады: http://samvminf.uz/newqq/348-filial-bilimler- bellesiinde-aysy-komanda-zheiske-eristi.html"* dep, filialdıń rasmiy saytınan silteme berilgen. Lekin bul silteme eskirgenligi sebepli biz tolıq maǵlıwmat alıw múmkinshiligi bolmadı. Bunnan soń, tómendegi foto menen taǵı bir daǵaza júriyalanǵan.

*"Диққат, танлов!*

*Самарқанд ветеринария медицинаси институти Нукус филиали талаба-ёшларорасида «Ёшларда коррупция ва ҳуқуқбузарликларга қарши ўз-аро келишимлилик туйғуларини шакллантиришга қаратилган» иншолар танловини эълон қилади. Танлов натижаси 16 сентябрь куни соат 9:30 да 208-аудиторияда кўриб чиқилади. Ҳурматли талаба-ёшлар барчангизни ушбу танловга фаол қатнашишга чорлаб қоламиз!*

Filialdıń rásmiy saytınan *http://samvminf.uz/yangiliklar/346-diat-tanlov.html* usınday etip anıq silteme berilgen. Daǵazanıń mediametrikasın izertleytuǵın bolsaq,2019-jildin 14-sentyabr kúni 20:33 te telegram tarmaǵına jayǵastırılǵan hám onı kanal jazılıwshılarınan 321 aǵza oqıǵanlıǵın kôremiz [2]. Bunnan soń, joqarı oqıw ornınıń rásmiy kanalına 2019-jıldıń 14-sentyabr sánesi menen Sh.Normatova hám M.Abdurahmonova avtorlıǵındaǵı ózbek tilindegi elektron sabaqlıqtıń pdf formatı jaylastırılǵan. Bul sabaqlıqtı kanal aǵzalarınan 2 jazılıwshı qayta tarqatqan hám 319 aǵzası kórgenligine guwa bolamız. Mine, usı tárizde 2019-jıldıń 14-sentyabr sánesinen baslap Samarqand veterinariya medicinası, sharwashılıq hám biotexnologiyalar universiteti Nókis filialınıń internettegi rásmiy betleri málimleme xızmetiniń tiykar salıwı nátiyjesinde óz iskerligin basladı. Izertlew jumısımızdıń tiykarǵı predmeti bolǵan málimleme xızmetiniń jumıs iskerligine dıqqat awdarǵanımızda telegram kanalı menen rásmiy sayttıń reytingin turaqlı alıp barǵanlıǵın kóriwimiz múmkin. Álbette, informaciyalardı jetkerip beriwde sayttıń múmkinshilikleri júda kóp. Media quralları turaqlı izertlewdi talap etedi [3,4,5]. Birinshiden, saytta maǵlıwmatlardı keń túrde jayǵastırıwǵa boladı. Ekinshiden kanal hám sayt oqıwshıların birwaqıtta teńdey turaqlı túrde dıqqatın tartıwǵa boladı. Bunday analizler, kózqaraslar ilimiy maqalalarda, ilimiy tezislerde baspasóz materialları mısalında izertlengen [6, 7, 8, 9]. Áyne, usı sıyaqlı abzallıqlardı durıs túsingen halda málimleme xızmeti tárepinen dóretilgen hár bir maqala, jańalıq hám daǵazalar birinshi náwbette joqarı oqıw ornınıń saytına jayǵastırılǵan hám silteme beriw arqalı telegram kanalǵa járiyalanǵan. Óz wazıypasın durıs jolǵa qoyǵan málimleme xızmetiniń jumısın basqada málimleme xızmeti wákillerine órnek etip atap ótiw orınlı.

Málimleme xizmeti yaǵniy PR - qánige tarawda oqip úyreniwdi hesh qashan toqtatip qoymaw kerekligin tán alatuǵın, jeterli dárejede kemtar hám maslasiwshań adam boliwi kerek [10]. Maǵlıwmatına qaramastan, jaqsı PR- ámeliyatshı ushın xarakterli bolǵan tiykarǵi sipatlamani sanap ótemiz:

– Nátiyjeli sáwbet alıp barıw qabileti – jazba hám awızeki túrde, sonday-aq, vizual qural esaplanǵan fotosúwretler járdeminde pikirin bildiriw qabileti;

– Bárshe adamlar menen kirisip ketiw qabileti-tolerantlıq, sabır-taqatlı bolıwdı aǹlatadı;

– Shólkemlestiriw qabileti – analiz hám izertlew tiykarında reje dúziw hám onı ámelge asırıw;

– Kreativlik – bárqulla kerek bolatuǵın qásiyet, dóretiwshilik hám oylap tabıw qabıleti.

– Prognoz qılıw qabileti hám intuciya – PR – qánigeden barqulla aldınnan kóre biliw qabiletin kútedi

– PR-kompaniya izertlewlerin hám nátiyjelerin analizlew qabileti.

**Paydalanǵan ádebiyatlar dizimi:**

1. Ózbekiston jurnalistika va ommaviy kommunikatsiyalar universiteti " Globallashuv davrida PR va Xalqaro kommunikatsiyalar: An'analar va innovatsion yondashuv " ilmiy-amaliy konferentsiya to'plami 2020-yil 26-mart
2. Marziyaev, J.K. The principles of the development of present Karakslpakstan's mass media. // International Scientific Journal (ISJ) Theoretical & Applied Science. – Philadelphia, USA. 2020. №03 (83). – P. 274-277. http://www.t-science.org/arxivDOI/2020/03-83/PDF/03-83-52.pdf
3. Marziyaev, J.K. Use of information genres in the print of Karakalpakstan // Science and Education in Karakalpakstan. 2022. №3/2 (27). – P. 205-208. https://karsu.uz/wp-content/uploads/2023/01/2022-3-2-%D1%81%D0%B0%D0%BD%D1%8B.pdf
4. Marziyaev J.K. Modern karakalpak press and genres of journalistic works // Horizon: Journal of Humanity and Artificial Intelligence. Volume: 02 Issue: 06| 2023. ISSN: 2835-3064. – P. 148- 157 // https://univerpubl.com/index.php/horizon/article/view/2014/1758
5. Марзияев Ж.К. Некоторые вопросы Каракалпакской публицистики // Материалы XVI Международной конференции студентов, аспирантов и молодых учёных "Ломоносов- 2009". История зарубежная журналистики./ МГУ. Москва. 2009, апрель. – С. 46-47.
6. Kallibekova G. Redaktor-jurnalist-oqıwshı baylanısı… ("Qaraqalpaqstan jasları" gazetası mısalında). Globallasıw processi hám ǵalaba xabar quralları xızmeti. Ilimiy miynetler toplamı. – Nókis: QMU, 2016. – B. 86-90.
7. Каллибекова Г.П. The use of language resources in the newspapaer language. Intertnational Scientific Journal. Theoretical and Applied Science. АҚШ,

Philadelpiya. 2022, № 5 (109). - Б. 160-164. http://t-science.org/arxivDOI/2022/05-109/05-109-12.html

8. Каллибекова Г.П. The use of nouns in Karakalpakstan branch newspapers. Theoretical and Applied Science. АҚШ, Philadelpiya. 2022, № 5 (109), - Б. 187-192. http://t-science.org/arxivDOI/2022/05-109/05-109-19.html
9. Каллибекова Г.П. Frequency of use of genres of the newspapaer «Қарақалпақ әдебияты» («Karakalpak literature») and the language of their description. Theoretical and Applied Science. АҚШ, Philadelpiya. 2022, № 6 (110), - Б. 54-59. http://t-science.org/arxivDOI/2022/06-110/06-110-9.html
10. Марзияев Ж.К. Заголовочный комплекс как элемент публицистического стиля // Материалы Всероссийской научно-практической конференции «Проблемы массовой коммуникации», Факультет журналистики ВГУ, Воронеж. 13-14 мая 2016 г. – С. 34-35